


GRATIS



JEZI KRIS AP RETOUNEN

REVELASYON FEN TAN AN

SÈN DOKTRIN

**KÒMAN KITE KAN
SATAN AN**

Sous & Kontak:

Sit Entènèt: <https://www.mcreveil.org>

E-mail: mail@mcreveil.org

Jezi Kris Se Vrè Bondye a E Lavi Etènèl

***Ou menm, Danyèl, kenbe pawòl sa yo sekrè, e sele liv la pou jous tan la fen an. Lè sa plizyè pral li'l, e konesans lan pral ogmante.
Danyèl 12:4***

Ale, Danyèl, donk pawòl sa yo pral kenbe sekrè e sele pou jous tan la fen an. Plizyè pral pirifye, blanchi e chatye; mechan yo pral fè mal e okenn nan mechan yo pap konprann, men moun ki pral gen entèlijans yo pral konprann.

Danyèl 12:9-10

**Anvan pou kòmanse lekti Ansèyman sa a,
Meditè kèk tan sou kesyon sa a:**

Ki kote ou pral pase Letènite'w?

Nan Syèl?

Oswa

Nan Lanfè?

**Lanfè a Reyèl, e li Etènèl.
Panse ak sa!**

Bon lekti! Ke Bondye revele li ak ou!

Avètisman

Liv sa a gratis e pa ka nan okenn ka konstitiye yon sous komès.

Nou lib pou kopye Liv sa a pou predikasyon nou yo, ak pou distribye'l, oswa pou Evanjelizasyon nou sou Rezo Sosyal yo, a kondisyon ke kontni li nan okenn ka pa modifye ou chanje, e ke sit mcreveil.org a site kòm sous.

Malè ak ajan satan renmen lajan yo ki pral tante pou vann ansèyman sa yo ak temwanyaj sa yo!

Malè ak nou, pitit satan yo ki pran plezi po pibliye ansèyman sa yo ak temwanyaj sou Rezo Sosyal yo nan kache adrès sit Entènèt www.mcreveil.org a, oswa pou chanje kontni yo!

Konnen ke nou kapab chape nan jistis lèzòm, men nou pap chape sètènman nan jijman Bondye a.

Sèpan, ras koulèv! Kòman nou pral chape nan chatiman lanfè? Matye 23:33.

Tab Matyè yo

Avètisman	3
1- Entwodiksyon	5
2- Men moman pou kouri pou Lanfè a	5
3- Kòman konfese bagay satan yo oubyen maji	5
4- Atansyon ak manti yo	6
5- Etap konfesyon bagay dyab yo.....	6
6- Poukisa fò'w fè konfesyon fason sa a?.....	7
7- Atansyon a sediksyon	7
8- Konklizyon	8
Envitasyon	9

KÒMAN KITE KAN SATAN AN

1- Entwodiksyon

Jan Pawòl Bondye a di nou nan 1Jan 5:19, "... *lemonn antye anba pouvwa mechan an.*" Satan reyisi polye lemonn antye ak maji, nan pwen kote li vin difisil pou jwenn moun ki pa patisipe nan maji. Non sèlman majorite moun ki peple tè a se moun ki te vin nan mond lan ak maji pa yo, men menm pami moun ki te fèt san maji, anpil te inisye nan li.

Lè ou nan dyab, maji, oswa nenpòt nan divès kalite sèk satanik ki inonde mond lan jou sa yo, ou nan kan satan. Gen kèk moun ki antre nan kan satan san yo pa konnen e san volonte yo, swa akòz inyorans oswa akòz neglijan. Gen lòt, yon lòt bò, te antre nan li volontèman e konsyamman, akòz renmen lajan, oswa rechèch laglwa, oswa rechèch lavi fasil, oswa vanite, oswa fyète lavi, elatriye.

Men, kèlkeswa jan ou te fini nan kan satan an, oswa pou ki rezon ou te fini nan li, rezilta a se menm jan, malerezman. Ou anba kontwòl satan, epi w'ap sèvi satan. Si w' rive mouri, se nan Lanfè w'ap jwenn tèt ou, pou w' pase letènite w' la. Konsyan de danje k'ap tann tout moun ki nan kan satan an, ke mwen jwenn li pi bon pou m' mete ansèyman sa a a dispozisyon nou. Donk mesaj sa a adrese a nenpòt moun ki toujou nan kan satan an.

2- Men moman pou kouri pou Lanfè a

Chè zanmi m' yo, ou menm ki nan kan satan an toujou, ke w' se yon satanis oubyen yon senp lougawou, ke w' se yon ajan mond anba dlo a oubyen yon ajan nenpòt lòt wayòm satan, kèlke swa grad ou genyen an oubyen ran ou okipe nan kan satan an, mesaj sa a adrese avè w'.

Satan ak tout moun k'ap sèvi l' yo ap fini nan Lanfè. Swa w' se yon lougawou, sa vle di yon ajan satan a nivo ba k'ap sèvi dyab la san w' pa konnen l', e k'ap travay sèlman avèk bann lespri malefik, oubyen swa w' se yon satanis, sa vle di yon ajan satan ki nan wo nivo, ki asiste a reyinyon yo ak rankont yo avèk satan, se Lanfè pou letènite k'ap tann ou si w' demere nan kan sa a.

Konnen ke w' ka kite kan satan an si w' vle, e vin nan kan Jezi Kris la. Pou libere de tout pisans satan an, e pou sove pou letènite. Tout sa w' gen pou fè, se konfese yon fason ki sensè tout pratik dyab yo ak tou zèv fènwa w' yo, avèk angajman ki fèm pou renonse avèk yo nèt. Ansèyman sa a eksplike w' sa w' dwe fè si w' vle konfese zèv maji w' yo e kite kan satan an pou tout bon.

3- Kòman konfese bagay satan yo oubyen maji

Ou menm ki ankò nan dyab nan lougawou oubyen maji, konnen w' pa ka espere padon nan men Bondye e delivre si w' pa fè yon repantans **onèt e konplè**. Si w' pran pòz ou repanti, ou si w' konfese kèk nan zèv yo e cache kèk lòt, e si w' konfese aksyon w' yo yon fason ki flou e ki vwale, sa vle di avèk riz, ou mètdam, w'ap pèdi tan w'. Si w' fè sanblan w'ap konfese aksyon dyab lougawou w' yo oswa maji yo, men w' chwazi cache kèk detay, ou pa p' jwenn padon, donk Bondye konnen w'ap bay manti, e delivrans ou an pa p' **janm** posib.

Pak ki fèt avèk satan pa p' **janm** kase tout otan yo pa konfese totalman e onètman. Satan konn sa trè byen; men pou ki sa li fè tout efo l' pou kenbe ajan

dyab lougawou yo nan mansonj chak fwa moun sa yo vle konfese zèv yo. Satan konnen si'w fè yon vrè repantans, w'ap padone. Li konnen tou ke yon sèl ti grenn mansonj ap anile tout konfesyon'w nan, Ki donk se a ou menm ki pou konn sa'w vle.

Konnen trè byen tout pratik ak tout zèv dyab dwe denonse pou gen delivrans. Kontrè a pa posib. Se jis pou sa ke plizyè nan moun ki te kwè yo konfese bagay satan yo, e yo toujou kwense nan bagay dyab yo toujou. Malgre delivrans yo kwè yo te resevwa a, yo toujou nan kan satan an. Donk konnen ke w'ap genyen tout bagay si'w onèt, e ou se sèl moun k'ap pèdi si'w chwazi bay manti. Sali'w an danje. Tout tan'w nan kan satan an, se Lanfè k'ap tann ou.

4- Atansyon ak manti yo

Plizyè ajan satan ki jire pou rete fidèl a mèt yo a satan, refize konfese zèv dyab yo a, menm lè Bondye ba yo okazyon nan mete zèv yo toutouni. Yo pa ka nye menm bagay maji yo a kan Senyè a ekspoze yo, ajan Lanfè sa yo lanse yo nan sediksyon. Pandan gen kèk la dan yo ki deklare "**yo pa konnen si yo nan dyab**", gen lòt ki di se "**vye rèv y'ap fè**".

Tèm "*pa konn si'w nan dyab la*" vin enstriman nan bouch yo pou yo bay manti. Sa ke yo inyore se kan yo pral retrouve yo nan Lanfè, mèt yo a satan pa'p kapab sekouri yo. Okontrè se li menm an premye ki pra'l maltrete yo. **Nou tout ajan satan ki pretann chak fwa nou pa konnen si nou nan dyab se vye rèv n'ap fè, konnen ke nan dife Lanfè a n'ap vin konnen trè byen nou te nan dyab, e vye rèv nou yo ap vin reyalite.** Nou avèti!

5- Etap konfesyon bagay dyab yo

Men diferan etap pou swiv pou konfese tout zèv dyab yo nan fason pou'w espere padone e/oswa delivre.

1- Eksplike ki lè e kòman ou te inisye nan dyab la.

Gen ajan dyab ki di yo pa konnen ki lè e kòman yo te inisye nan dyab la. Kèk di menm nan konesans yo yo pat janm inisye. Se souvan ka moun ki fèt nan dyab la. Kidonk si'w ap pratike bagay dyab, men'w pa ka eksplike ki lè e kòman'w te inisye, sèke'w fè pati sila yo ki fèt nan dyab la, sa vle di'w tou inisye. Nan ka sa a, di sèlman nan konfesyon'w lan ke ou te fèt nan dyab la.

2- Di konbyen tan'w genyen depi'w ap opere.

3- Konfese chak aksyon dyab ou yo.

4- Site non tout moun ki te viktim de tout bagay dyab ou yo.

5- Di sa'w te fè a yo chak **nan detay**.

6- Site non tout moun ou te travay avèk yo, san kite yon sèl.

7- Site non tout moun ou te rive inisye yo, timoun kou granmoun.

8- Site non tout moun ou te tante inisye yo men ki pa't rive fèt, timoun kou granmoun, e presize poukisa inisasyon an pa't rive fèt.

9- Site non chak moun ou te di yon pawòl sou yo pou malè te ka rive yo. Eksplike ki jan de pawòl ou te di sou chak moun ou te site yo.

10- Si'w se yon ajan satan ki nan misyon nan yon legliz site tout lòt ajan ke'w konnen nan legliz sa a, menm si nou pa'p travay nan menm ekip.

11- Si'w se yon ajan satan nan misyon nan tout legliz anjeneral, ou dwe devwale kòrèkteman misyon yo konfye ou menm ak konpanyon'w yo, e'w dwe site non tout konpanyon'w yo.

12- Site tout aksyon mekanste'w komèt yo.

6- Poukisa fò'w fè konfesyon fason sa a?

Paske pa gen okenn lòt fason. Bondye pa'p janm padone'w tout otan moun ou kenbe kaptif yo a bagay dyab yo toujou mare. Kan'w site chak non moun ke'w te fè degre maji sou li pou malè ka rive'l, e kan'w di andetay sa'w te fè kont moun sa yo, ou ouvè wout pou delivrans yo, e pati, pou pwòp delivrans ou. **Bondye pa'p delivre'w lè'l konnen'w kenbe lòt moun kaptif volontèman.** Sa pa posib.

Aprè'w fin fè yon vrè konfesyon w'ap gen okazyon pou mande padon ak tout moun ki te viktim de ou ki toujou ap viv. Si'w chwazi volontèman kache kèk aksyon ou zèv dyab yo, ou mèt si ke delivrans ou an pa'p fèt, e ou pa'p **janm** jwenn padon. E si'w bliye kèk bagay, si'w konnen'w onèt nan kè'w, Senyè a ap raple'w bagay ou bliye yo. Chak mansonj ou melanje a konfesyon an ap fè konfesyon an pa bon.

Tout moun ki te kwè yo te deja konfese bagay dyab yo, men ki toujou nan menm pratik yo toujou, dwe konprann konfesyon yo pa't byen fèt fòk yo refè'l.

Si zèv dyab ou yo byen klè, e malgre tout sa ou pa kwè'w nan dyab e'w pa konnen ki sa pou konfese, sèke'w se yon demon. Moun ki pote fri satan, men ki pa ka rekonèt yo e konfese yo pou jwenn padon e pou delivre, se yon demon, sa vle di yon moun ki pa'p sove, paske'l enposib pou nenpòt moun sove san repantans. Sa pa posib.

Kidonk si'w se yon ajan satan, e ou kwè'w pami sila ki kapab sove yo, konnen byen sa pral pase **enperativman** pa konfesyon tout zèv ou yo ak renonsman ak tout fri satan yo. Avan'w chwazi kontinye ak manti a nan pretann ke'w pa konnen ki sa pou konfese, konnen ke se Lanfè k'ap tann ou. Sispann sedwi tèt ou!

7- Atansyon a sediksyon

Kan Senyè a mande'w pou konfese Bagay dyab yo, pa antre nan distraksyon pou konfese vòl, manti, vagabondaj, dezòd lachè, e lòt peche yo. **Konfese sèlman bagay dyab.** Si'w gen lòt peche pou konfese, w'ap fè sa a pa, e pa mele yo ak bagay dyab yo. E si'w espere jwenn yon padon konsa aprè konfesyon an, pa chache jistifye tèt ou, rekonèt tou senpleman zèv ou yo, e pratik ou yo, e konfese yo.

8- Konklizyon

Satan pase tan'l pou entimide e menase ajan'l yo, nan di yo si yo konfese zèv yo y'ap mouri. ***Pa ki te nou pè satan. Le nou aksepte Jezi Kris, lavi nou e lanmò nou kounye a depann de Li.*** Konfese tout zèv nou yo yon fason ki sensè e onèt, e Senyè Jezi pral ka pwoteje nou kont tout vanjans satan. Men menm si li te chwazi pou kite'w mouri, w'ap sove pou tout tan gen tan. Matye 16:26 di: *"E kisa sa ta sèvi a yon nonm pou genyen tout latè, si li te pèdi nanm li? Oswa, kisa yon nonm ka bay pou nanm li? E Filipyen 1:21 ale pi lwen: "Donk Kris se lavi'm, e lanmò se yon gany pou mwen."*

Benediksyon Bondye pou tout moun ki renmen Jezi Kris, Senyè nou an, ak yon renmen ki p'ap janm fini!

Envitasyon

Chè frè ak sè,

Si nou te kouri pou fo legliz yo e nou vle konnen sa ke nou dwe fè, men de solisyon ki ofri ak nou:

1- Gade si bò kote nou pa gen kèk lòt pitit Bondye ki krenn Bondye e ki dezire viv selon Sèn Doktrin nan. Si nou jwenn, nou lib pou nou mete ak yo.

2- Si nou pa jwenn e dezire pou rejwenn nou, pòt nou yo ouvè, Sèl bagay ke nou mande nou pou fè, se pou li dabò tout Ansèyman yo ke Senyè te ban nou yo, e ki sou sit nou an www.mcreveil.org, pou rasire nou ke yo konfòm ak Bib la. Si nou jwenn yo konfòm ak Bib la, e nou prè pou nou soumèt nou a Jezi Kris, e pou viv selon egzijans pawòl Li, n'ap akeyi nou avèk lajwa.

Se pou benediksyon Jezi Senyè a toujou la avè nou!